

Inite Kontwòl ak Konfòmite Travay

Inite Kontwòl ak Konfòmite Travay la (Employment Controls and Compliance Unit, ECCU) bay yon nivo pwoteksyon esansyèl pou moun yo k ap resevwa sèvis nan men Depatman Sèvis Sosyal. Nou asire anplwaye yo ak kandida pou travay yo satisfè estanda kalifikasyon estrik grasa verifikasyon ak investigasyon konplè sou pase yo.

Kimoun Nou Verifye

ECCU sipèvize konfòmite pou tout anplwaye Sant Kominotè ak Devlopman Divizyon Andikap nan Devlopman (Division of Developmental Disabilities, DDD) ki travay dirèkteman avèk moun ki gen andikap entelektyèl oswa andikap nan devlopman, ansanm ak anpil anplwaye pwogram k ap resevwa finansman pa lentèmedyè Divizyon Devlopman Fanmi (Division of Family Development, DFD) ak Divizyon Asistans Medikal ak Sèvis Sante (Division of Medical Assistance and Health Services, DMAHS).

Egzijans Verifikasyon Vi pase

Tout anplwaye ki nan wòl swen dirèk yo oblije sibi yon verifikasyon apwofondi sou pase yo anvan yo kapab anboche, epi nan entèval regilye apresya. Sa genyen ladan:

- Verifikasyon istwa kriminel nan nivo Eta ak Federal pa mwayen anprent dijital
- Verifikasyon Rejis Delenkan Seksyèl yo

ECCU egzamine dosye istwa kriminel yo epi detèmine si yon kandida kalifye pou travay. Gen kèk kondanasyon yo konsidere kòm motif diskalifikasyon pèmanan, tankou krim vyolan kont timoun. Nan sèten ka, moun ki te deja kondane ka gen posiblite pou demontre reyabilitasyon.

Tès pou dwòg

Pou asire yon anviwònman ki an sekirite pou moun k ap resevwa sèvis yo:

- Tès depistaj pou dwòg anvan anbochaj obligatwa pou tout anplwaye nan kominote k ap bay sèvis pou moun ki gen andikap entelektyèl ak andikap nan devlopman
- Tès depistaj pou dwòg fèt oaza pandan tout peryòd travay la
- Patwon yo gendwa fè tès depistaj pou dwòg tou si gen soupson rezonab yon anplwaye anba enfliyans dwòg

Bay swen souvan enplike bay medikaman, ede pou bezwen chak jou yo, epi pran desizyon rapid nan ka dijans. Konsomasyon dwòg ka mete moun yo, kòlèg travay yo, ak moun k ap bay swen an limenm an danje. Tès depistaj pou dwòg ede asire sekirite moun, enspire konfyans, respektè lwa eta a, redui aksidan ak erè, epi soutni anplwaye ki gendwa bezwen èd.

Verifikasyon Dosye Abi sou Timoun

Tout anplwaye swen dirèk yo dwe sibi yon verifikasyon Enfòmasyon Dosye Abi sou Timoun atravè Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF).

Si yo jwenn yon dosye, kandida a pa kalifye pou travay.

Verifikasyon Rejis Santral Delenkan yo

Pou pwoteje sekirite moun yo, founisè yo dwe verifye tout anplwaye yo nan Rejis Santral Delenkan Enfraksyon Kont Moun ki gen Andikap nan Devlopman. Rejis sa a idantifye moun yo te jwenn ki responsab abi, neglijan, oswa eksplwatasyon. Nenpòt moun ki mansyone nan rejis la pa otorize pou travay ni pou fè travay benevòl nan pwogram ki sèvi moun ki gen andikap entelektyèl oswa andikap nan devlopman.

Pou kisa Sa Enpòtan

Angajman nou anvè investigasyon estrik yo ede asire se sèlman moun ki kalifye, responsab epi ki serye ki pran swen sitwayen ki pi vilnerab yo nan New Jersey. Lè ECCU kenbe gwo estanda sa yo, li pwoteje dwa, diyite ak sekirite moun ki gen andikap entelektyèl ak andikap nan devlopman.